

# BAYNIYAZ QAYIPNAZAROV

(1916-2001)



# *Қарақалпақ әдебиятының байтереги»*

Белгили қарақалпақ халық шайыры Б.Қайыпназаровтың 106 жыллық юбилейине арналған методикалық қолланба

Шоманай 2022

Қолыңыздағы бул методикалық қолланбада белгили қарақалпақ халық шайыры, талантлы лирик Байнияз Қайыпназаровтың өмири, дөретиўшилик жолы менен жақыннан танысасыз.

## Байнияз Қайыпназаровтың өмири хәм әдебий хызмети.

«Гүлге қосық жазады»деп
Жазалаўшы көбейер
Оннан сайын жүрегимде
Ышқы гүли көгерер

Б.Қайыпназаров Шымбайдың шығысында Санмурын аўылында 1916 жылы туўылды. Балалық дәўири аўылында өтти. 1939 жылы Төрткүлдеги педагогикалық техникумды табыслы тамамлап 1939-41 жыллары Шымбай районында муғаллим болып ислей баслады.

Ол қосық жазыўды 30 жыллардың екинши ярымында баслаған еди. Оның қосықларында «Ана-Ўатан, туўылған жер, ана тәбият, дослық темалары жырланады.

1944-46 жыллары Қарақалпақстан жазыўшылар үйинде консультант, 1947-48 жыллары Қарақалпақстан радиосында, 1948-51 жыллары Қарақалпақстан баспасында редактор болып ислейди.

1956-58 жыллары М. Горький атындағы әдебият-таныў институтын тамамлағаннан кейин Әмиўдәрья журналының бас редакторы болып ислейди. 1963-67 жыллары М.Горький атындағы әдебият-таныў институтын тамамлағаннан кейин Әмиўдарья журналының бөлим баслығы, 1967 жылдан «Қарақалпақстан» баспасында аға редактор болып ислейди.

Байнияз Қайыпназаров рус әдебиятының белгили жазыўшы, шайырлары болған А.С.Пушкинниң, М. Лермонтовтың, Т. Шевченконың, Я. Райнисаның , А. Твардовскийдиң , Э. Мицкевича шығармаларына аўдарма исведи. Усының менен бир қатарда шайырдың қосықларыда туўысқан халықлар тилине аўдарылды.

1940 жылға келип оның биринши топламы «Қосықлар» деген ат пенен баспадан шықты. Соң «Халыққа хызмет қыламан»(1947), «Алтын гүз»(1950), «Қуўаныш қосықлары»(1952), «Боз жап бойында»(1955), «Көк емен»(1955ж) топламлары менен халық арасында танылa баслады. Топламдағы «Көк емен»қосығы (гейде автор буны баллада деп те атайды) тек шайырдың емес, ал путкил поэзиямыздың 50 жыллардағы үлкен табысы болып танылды.

Байнияз Қайыпназаров ҳәзир Қарақалпақстан халық шайыры поэзияның жетилисип толысыўына белсенди қатнасып киятырған мийнеткеш шайыр. «Мен әдебияттың жай солдатыман» деген ҳақыйқый сөз.

Шайыр өзиниң дәслепки адымынан баслап-ақ, ўақыт талабына жуўап бериўге поэзияда өз соқпағын табыўға умтылды, айрықша лирикалық поэзияда өз усылын танытты.

китапханаларында жазыўшы, шайырларымыздың юбилейлерин белгилеп барар екенбиз, олар ҳаққында китап көргизбелер, китапхана плакатлары, цытаталар, олардың қосықларынан мысаллар келтирип, китапханаларда «Қарақалпақ жазыўшылары балаларға» деген темада турақлы китап көргизбеси болып оны тазадан келген әдебиятлар менен толтырып, оның бир бөлимшесине юбилейи бар жазыўшы, шайырларымыздың китаплары қойылса да болады.

Б. Қайыпназаровтың 106 жыллығына бағышлап төмендеги атамада китап көргизбелери шөлкемлестириўге болады.

Б.Қайыпназаров «Поэзия жыршысы» 106 жаста

Б. Қайыпназаров «Гүллердиң шайдасы»106 жаста

Б.Қайыпназаров «Жаўынгер шайыр»106 жаста

Шайыр өз мийнетлери ушын ҳүкиметимиз тәрепинен «Қарақалпақ халық шайыры»деген атақты алды.

Б.Қайыпназаровтың дөретиўшилик жолына байланыслы илимий конференциялар, жазыўшы-шайырлар менен әдебий кешелер, слайд презентация, библиографиялық шолыўлар ҳәмде жоқары класс мектеп оқыўшылары арасында пикир бәсекелесиў өткериўиңизге болады.

Мәлимлеме-ресурс орайларда шайырдың юбилейине арнап өткерилетуғын «Бир портрет»кешесиниң сценария темасын усынамыз.
Сценария ушын темалар:

1. Б. Қайыпназаровтың өмири ҳәм әдебий хызмети
2. Б.Қайыпназаровтың әдебий хызмети ҳаққында жазыўшылардың пикири
3. Шайырдың шығармалары бойынша әдебий обзор
4. Шайырдың шығармалары бойынша әдебий викторина
5. Әдебиятлардың усыныў дизимлери

Б.Қайыпназаровтың шығармалары бойынша 6-8 класс оқыўшылары арасында өткерилетуғын әдебий викторинаның сораўлары.

1. Шайырдың өмири ҳәм әдебий хызмети бойынша нелерди билесиз?

2. Шайыр китап оқыўшыларымызға уллы ўатандарлық урыс темасында жазған қайсы шығармасы менен танылды.
3. Шайыр әдебият майданына нешинши жыллардан баслап өз қосықлары менен кирип келди.
4. Рус жазыўшы, шайырларынан кимлердиң шығармаларын аўдарды.
5. Шайырдың қайсы шығармалары туўысқан халықлар тилине аўдарылды.
6. Шайырдың қайсы қосықларына нама жазылды
7. «Қарақалпақ халық шайыры»деген атақты нешинши жыллары алды.
8. Шайырдың «Мийнет ет»деген қосығын қайсы бақсыларымыз атқарады

Б.Қайыпназаровтың әдебиятларының усыныў дизими


1. Қайыпназаров Б.
Ержан көк (қосықлар,балладалар ҳәм поэмалар)-Н.: Қарақалпақстан,1983, -113б.
2. Қайыпназаров Б.
Гүл дәсте: Қосықлар топламы.-Н.:Қарақалпақстан,1974.-116б.
3. Қайыпназаров Б.
Нәрўан(таңламалы,қосықлар ҳәм поэмалар)-Н.:Қарақалпақстан,1972.-210б.
4. Қайыпназаров Б.
Жарлы адам ҳәм ғарғалар патшасы.-Н.; Қарақалпақстан,1995.-55б.
5. Қайыпназаров Б.
Таңламалы шығармалары:қосықлар,балладалар ҳәм поэмалар. -Н.:Қарақалпақстан, 1993.-196б.
6. Қайыпназаров Б.
Таң гүли: лирикалық қосықлар ҳәм поэма.-Н.:Билим,1995.-88б.
7. Қайыпназаров Б.
Таңламалы шығармалары(бир томлық)-Н.: Қарақалпақстан, 1981.-225б.


Пайдаланылған әдебиятлар.


1.Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы:(әдебий критикалық изертлеў)-Н.:Қарақалпақстан,1988.-404б.
2. Писатели Советского Узбекистана: Справочник/Авт.-сост.:Н.А.Бондаренко, В.Новопрудский; Я.Д.Ходжаев;Ред.колл.:С.А.Азимов и др.; вступит статья: С. А .Азимова.
-Т.:Изд-во литература и искусства, 1984.-368с.